



**SUMATIF AKHIR JENJANG (SAJ) KELAS IX**  
**SMP KATOLIK "ST. YUSTINUS DE YACOBIS"**  
**TAHUN AJARAN 2023 – 2024**



Nama :  
Kelas :  
No absen :  
Hari/Tanggal : Kamis, 02 Mei 2024  
Waktu : 09.00 – 10.30 (90 menit)

Petunjuk Pengerjaan :

1. Isikan nama, kelas, dan nomor Anda di tempat yang telah disediakan pada dashboard soal!
2. Kerjakan soal PG *online* melalui android atau laptop yang tersambung dengan jaringan internet!
4. Periksa kembali dan pastikan seluruh pertanyaan terjawab sebelum dikirimkan!
5. Kirimkan jawaban Anda maksimal 5 (lima) menit sebelum waktu mengerjakan selesai!

I. Pilihlah salah siji jawaban sing bener!

**TAMAN**

(J.F.X. Hoery)

Ing taman

Ing taman anakku

Tawon lan kupu rebutan madu

Kinjeng lan kumbang rebutan kembang

Angin esuk ngerog ebun ing pucuking kudhup

Kekedhering kinjeng lan kupu

Aja nganti mbokincup

Sawangen wae

Endahe

Ing taman

Ing taman anakku Kupu lan kinjeng Isih kapiadreng

Tawon lan kumbang ngenam panandhang

Madu lan kumbang ninggal kudhup esuk

Mego-mego putih gegojekan mapag angin sore

Sawangen

Ing biruning langit

Kae papane kawruh lungit

Lan ing kono uga aku titip

1. Miturut geguritan kang ana ing ndhuwur, ing wayah isuk apa sing dilakoni kewan mau....
  - A. Ngerog ebun
  - B. Gegojekan

- C. Rebutan kembang  
D. Kawruh lungit
2. Dokter Soetomo miyos ing Nganjuk tanggal 30 Juli 1888. Nalika iku rama lan ibune maringi asma Sobroto. Soebroto cilik kalebu bocah sing nduwe rasa nasionalisme kang dhuwur. Rikala isih timur kagungan gegayuhan kang luhur tumrap bangsane, yaiku kamardikane bangsa Indonesia. Sawise namatake sekolah lanjutan, Soetomo banjur nerusake sekolah tinggi ing STOVIA Jakarta.  
Manut wacan ing dhuwur asma asline Dr. Soetomo yaiku....  
A. Soebroto  
B. Soedirman  
C. Soenardi  
D. Soebono
3. Gegayuhane Dr. Soetomo nalika isih cilik yaiku....  
A. Ngedegake organisasi sepisanan  
B. Kamardikane bangsa Indonesia  
C. Ngedegake organisasi pemudha  
D. Nganakake kongres pemuda Indonesia
4. Raden Arjuna (janaka) satriya panengahing Pandhawa, putrane Prabu Pandhu lan Dewi Kunthi. Kasatriyane ing Madukara. Wujude Satriya bagus tanpa cacad. Ing jagad ora ana tandhingane bab kebagusane, amarga Janaka minangka symbol amal becik. Amal becik ora pisah klawan swarga (Jannah). Mula, sapa sing kepingin mlebu swarga, kudu tumindak becik lan nindakake tuntutan agama kanthi temen.  
Manut wacan ing dhuwur Raden Arjuna Prabu ing .....
- A. Pandhu  
B. Jannah  
C. Madukara  
D. Hastinapura
5. Jenenge Raden Janaka minangka simbol ....  
A. Jannah  
B. swarga  
C. Satriyabagus  
D. Amalbecik
6. Kidang talun  
Mangan kacang talun  
Mil-ketemil mil-ketemil  
Sikidang mangan lembayung  
Tembang ing dhuwur nyritakake ngenani kewan lagi mangan .....
- A. kangkung  
B. bayem  
C. lembayung  
D. sawi

Teks cerkak ing ngisor iki kanggo nomor 7-8!

“Taktuku seket ewu rupiyah piye?”

“Tambahhi sithik ta Lik, iki arep takenggo paitan dodol dluwang rongsokan.

Aku arep dadi tukang ngepul kertas, kerdus, lan plastik.”

“Wah, saingan karo aku yo Le?”

“Yaora ta Lik, mengko tak setorke sampeyan.”

Bacute kerdhuse Mugiman didol payu sewidak ewu. Kanggone Mugiman iki petungan sing lumayan. Pikirane banjur mlethik. Yen kerdhus payu, mesthi dluwang-dluwang duweke kanca- kancane sing ora kanggo uga payu. Mula sakploke preinan iki Mugiman mubeng kampung nemoni kancane sakkelas mbaka siji. Kabeh ditakoni, mbok menawa dluwang-dluwang sing ngebaki omah lan dadi susuh tikus.

Ora kenjana-nyana, jebule ora mung dluwang wae. Kerdhus, plastik, wis kasil digawa mulih Mugiman. Ayeme ora jamak senadyan awake kesel.

7. Miturut wacan ing dhuwur, alur kang ana sajroning crita yaiku ....
  - A. alur maju
  - B. alur mundur
  - C. alur campuran
  - D. alur flashback
8. Miturut wacan ing dhuwur, pitutur lan pesen kang bisa kapethik yaiku ....
  - A. Dadi wong urip iku kudu gemi kanggo pawitan urip sing luwih mbejaji.
  - B. Dadi wong urip iku kudu medhit kanggo pawitan urip sing luwih mbejaji.
  - C. Dadi wong urip iku kudu cethyl pawitan urip sing luwih mbejaji.
  - D. Dadi wong urip iku kudu blaba kanggo pawitan urip sing luwih mbejaji.

**Gatekna tembang macapat ing ngisor iki!**

**Dhandhinggula**

Jago wus kluruk rame kapiyarsi

Lawa kalong luru pandelikan

Jrih kawanen ing semune

Bang wetan sulakipun

Mrathandhani yen bangun enjing

Rembulan wus gumlewang

Aneng kulon gunung

Ing padesan wiwit obah

Kadang tani lan samya anambut kardi

Netepi kewajiban

9. Guru lagu lan guru wilangan tembang macapat ing dhuwur yaiku.....
  - A. 10a, 10a, 8i, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a
  - B. 10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a
  - C. 8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a
  - D. 8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a
10. Guru gatra tembang macapat ing dhuwur yaiku....
  - A. Pitu
  - B. Wolu
  - C. Sanga
  - D. Sepuluh
11. Ing ngisor iki kang dudu kalebu tembang macapat yaiku....
  - A. Dhangdhanggula
  - B. Sinom
  - C. Pocung
  - D. Campursari

Wacan ing ngisor iki kango nomor 7-8!

#### **Flashdisk**

Flash disk kanggone saperangan wong mujudake medhia kang sifate pribadhi, senajan ora sithik wong kang migunakake flash did kanthi ngetogake wae dhatane dideloki wong liya Mbokmanawa pancen ora pati salah yen flash disk kang digunakake kan bebarengan aliyas jamaah mau ora nyimpen dhata-dhata kang sa pribadhi

Nanging kanggone kang nyimpen dhata kang rahasia kaya upamane kumpulan password, dhata skripsi tiki malah wajib disimpen lan didhelikake), dokumen kang wigati, lan sapanunggalane, ung penting banget nutup akses wong liya menyang ilash disk kita kanggo nyegah anane bab-bab kang ora dikarepake

Kanggo bisa nutup akses wong liya menyang flash disk, salah sijine cara sing bisa ditindakake yaiku kanthi migunakake piranti lunak

12. Flash disk iku mujudake salah sijine piranti kanggo nyimpen, ing ngisor iki sing dudu kegunaan flash disk yaiku nyimpen....
  - A. Dhata
  - B. Lagu
  - C. Virus
  - D. Gambar
13. Flash disk iku mujudake medhia kang sifate pribadhi, samangsa isi....
  - A. Dhata diklat
  - B. Dhata HUT RI
  - C. Dhata Osis
  - D. Kumpulan password
14. Dhata sing wajib disimpen lan didhelikake iku, umpamane data....

- A. Anak yatim
  - B. Skripsi
  - C. Adiwiyata
  - D. Adipura
15. Skripsi iku mujudake asil karyane sapa....
- A. Siswa-siswi SMA/sebabak
  - B. Mahasiswi program sarjana
  - C. Mahasiswa program pascasarjana
  - D. Mahasiswi program doctor

#### **Wacan kanggo nomer 16-20**

Program kegiatan adiwiyata iku mujudake kerja bareng antarane Kemendikbud karo Kementrian Lingkungan Hidup ing babagan warga sekolah nduweni rasa peduli marang kalestiane lingkungan. Program iki dianyari maneh taun 2005. Taun 2006 Kementrian Negara Lingkungan Hidup ngembangake program pendhidhikan dhasar lan menengah lumantar program adiwiyata mujudake sawijine program kang duwe tujuan kanggo mujudake warga sekolah sing nduweni tanggung jawab marang rasa tresna lan open marang lingkungan lumantar program-program kegiatan ing sekolah.

Pangaji-ngaji adiwiyata mujudake pangaji-aji sing diwenehake marang sekolah-sekolah sing dianggep wis kasil ndhidhik para siswa lan warga sekolah kang dhuwene rasa tanggung jawab marang kalestarene lingkungan. Pambiji ngenani sekolah adiwiyata mawa lelandhasan patang ukuran, yaiku pengembangan kebijakan sekolah peduli dan berbudaya lingkungan, pengembangan kurikulum berbasis lingkungan, pengembangan kegiatan berbasis partisipatif, lan pengelolaan dalasan pengembangan sarana pendukung sekolah.

16. Program adiwiyata mujudake program pemerintan tumrap sekoran sing....
- A. ora seneng karo kalestarene lingkungan
  - B. kepingin dadi sekolah taraf internasional
  - C. pedhuli marang kalestarene lingkungan
  - D. pedhuli marang bocah-bocah sing mlarat
17. wiwitane program adiwiyata iku dikembangake ing sekolah-sekolah tataran.....
- A. pra sekolah lan dhasar
  - B. dhasar lan lanjutan
  - C. lanjutan lan tinggi
  - D. dhasar lan menengah
18. program adiwiyata nduweni tujuan kanggo mujudake warga sekolah sing nduweni....
- A. rasa tresna asih marang sapepadhane
  - B. tanggung jawab kanggo golek ngelmu
  - C. rasa tresna mring kalestarene lingkungan
  - D. rasa kummat marang guru lan kepala sekolah
19. Pangaji-aji adhiwiyata mujudake pangaji-aji sing diwenehake marang sekolah-sekolah sing dianggep wis kasil ndhidhik para siswa lan warga sekolah kang duwene rasa tanggung jawab marang....
- A. kepinterane akadhemic
  - B. kelasterane lingkungan

- C. prestasi non akademik  
D. pendidikan budi pekerti
20. pambiji ngenani sekolah adiwiyata mawa lelandhasan....
- pangembangan kebijakan sekolah ing babagan budi pekerti
  - pengembangan kurikulum sekolah berbasis lingkungan
  - pengembangan kegiatan sekolah berbasis masyarakat
  - pengembangan sarana pendidikan berbasis teknologi
21. Kesenian drama tradhisional sing sumber critane dijupukake saka buku babad lan sejarah moncer ing daerah banyuwangi diarani...
- Ludruk
  - Janger
  - Kethoprak
  - Wayang wong
22. Wong sing ngatur lumakune drama iku diarani.....
- Paraga
  - Setting
  - Skenario
  - Sutradara
23. Strukture teks drama sing mujudake rerengkening crita utawa rerengkening konflik para paraga wiwitan nganti tekane pungkasan diarani.....
- Plot
  - Tema
  - Paraga
  - setting
24. "Puji syukur konjuk wonten ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Asih, awit ing wekdal menika kita sedaya taksih pinaringan rahmat saengga ing wekdal menika kita saged makempal kanthi pinaringan karaharjan."  
Perangan teks tanggap wacana ing dhuwur diarani....
- Salam pembuka
  - Purwaka
  - Surasa basa
  - Panutup
25. "Para lenggah ingkang kinurmatan, cekap semanten atur perpisahan punika, menawi wonten kiranging atur kaladuking wicantenan, kula tansah nyuwun agunging Samudra pangaksami." Andharan kasebut kalebu.....
- Purwaka
  - Surasa basa
  - Pangarep-arep
  - Panutup
26. Bapak/Ibu kepala sekolah ingkang satuhu kulo bekteni. Bapak/ibu guru ingkang satuhu kinurmatan. Bapak/ibu staf Tatat Usaha ingkang dhahat kinurmatan. Pethikan ukara kasebut kalebu.....
- Purwaka
  - Salam pembuka
  - Surasa basa
  - Salam panutup

Gatekna pethilan cerita drama ing ngisor iki!

Sawise pamitan lan ngucapake salam marang ibune, Ria terus budhal sekolah. Kanca-kancane wis padha ngenteni ing ngarepan, ana Fenti, Tari, lan Sintia. Bocah papat padha budhal sekolah mlaku bebarengan. Ora adoh saka papan kono, bocah-bocah weruh wong tuwa lanang sing lagi ngorak-ngarik tong sampah.

27. Latar jroning pethilan cerita ing nduwur yaiku ing....
  - A. Panggonan sampah
  - B. omahe Ria
  - C. embong
  - D. taman
28. Ing ngisor iki kang keblebu drama modern, kajaba....
  - A. Andhe-Andhe Lumut
  - B. Preman Pensiun
  - C. Tukang Ojek Pengkolan
  - D. Tukang Bubur Naik Haji
29. Pethikan teks drama ing dhuwur yen katitik saka struktur teks kalebu peranganane....
  - A. Eksposisi
  - B. Klimaks
  - C. Komplikasi
  - D. Ending
30. saka pacelathon kasebut, settinge ana ing...
  - A. omah
  - B. warung
  - C. rumah makan
  - D. meja makan
31. Kang nglantarake crita, njlentrehne kanthi ringkes gegambaran isine crita. adate ana ngarep/pambuka,diarani .....
  - A. Epilog
  - B. Monolog
  - C. Dhialog
  - D. Prolog
32. 1. Sumber ceritane bebas
  2. Ceritane bisa dipukake saka buku-buku babad, roman, dongeng, cerita rakyat
  3. Bisa nyaritakake cerita penguripan jaman saikiUkara-ukara ing nduwur kuwi keblebu ciri-cirine....
  - A. Drama tradisional
  - B. Drama modern
  - C. Pidhato
  - D. Drama cerkak

Pacaturan iki ganepana!

Dini :Bu, Ibu. Siyos ... dhateng peken?

Ibu :Iya, sida, Din. Kowe apa ... melu?

Dini :Inggih, Bu. Menawi pareng, kula badhe ndherek.

33. Tembung-tembung kang trep kanggo ngganepi pacaturan ing ndhuwur yaiku....

A. kesah, badhe

B. tindak, arep

C. kesah, arep

D. tindak, badhe

Gatekna pethikan pacaturan iki!

Ratna :Rin, kowe wis nggarap tugas Basa Jawa?

Rini :....

34. Wangsulane Rini sing bener yaiku ....

A. Durung Rat, bukuku taksih digawa Deni.

B. Durung Rat, bukuku isih digawa Deni.

C. Dereng Rat, bukuku taksih digawa Deni

D. Durung Rat, buku kula isih digawa Deni.

35. Mbak Narti ora bisa numpak sepedhah motor.

Ukara kasebut yen diowahi ing basa ngoko alus dadi

A. Mbak Narti mboten saged nitih sepedhah motor.

B. Mbak Narti ora saged numpak sepedhah motor.

C. Mbak Narti mboten saged numpak sepedhah motor.

D. Mbak Narti ora bisa nitih sepedhah motor.

II. Gatekna tabel ing ngisor iki! Wenehana tandha  $\checkmark$  ing kolom jinis tembung miturut tuladha tembung pawarta, pitakon, prentah, sambawa, lan sananta.

No	Tuladha ukara	Pawarta	Pitakon	Prentah	sambawa	Sananta
36	Wingi sore adhik dipundhutake sepatu dening bapak					
37	Tulung jupukna sepatune adhikmu kuwi!					
38	Senajan nggawa dhuwit yen mung sethithik yo ora cukup					
39	Aku esuk kepingin mampir ing daleme simbah					
40	Bapak sesuk arep mundhut sepedhah mini kanggo adhik					

